

**UMUSI MPUZAMAKUNGU WAHARIWE IBINYABUZIMA  
Ijambo rishikirijwe n'Umushikiranganji w'Amazi, Ibidukikije,  
Amatongo n'Itunganywa ry'Ibisagara  
Kuwa 22 Rusama 2011**

---

**Ir. Jean-Marie NIBIRANTIJE**

---

**Barundi Barundikazi,  
Ncuti z'Uburundi**

Uyu musi igenekerezo rya 22 Rusama umwaka 2011, Uburundi bwaramutse bwifatanya n'ayandi makungu kugira buhimbazé umusi mpuzamakungu wahariwe ibinyabuzima. Uyu musi ukaba wahariwe «*Ibinyabuzima bigizwe n'amashamba*». Ico civugo kikaba gihuriranye n'uko Ishirahamwe Mpuza Makungu (ONU) wahariye mwaka 2011 «*Umwaka w'amashamba*». Uyu musi rero ukaba akaryo turonse kugira twibaze, dukubitize agatima mpembero ku kamaro amashamba afise mu gukingira ibindi binyabuzima n'akamaro afitiye abantu, haba mu vyo ubutunzi, imibano n'akaranga kacu.

Uburundi, nkuko musanzwe mubizi, n'igihugu gito cane mugabo kikaba gifise amashamba atari make. Twotanga akarorero ku mashamba yo ku misozi ihanamiye nk'ikibira, amashamba ya Bururi na Monge. Ayo mashamba akaba arenza amahegitari arenga ibihumbi mirongo itanu. Ubwoko bw'ibiterwa biri musi ayo mashamba birenga 1000 n'ibikoko vyinshi, harimwo mbere n'ibinyabuzima bitaboneka ahandi kw'isi. Ni naho mbere dusanga ubwoko bw'inkende burenga 5 harimwo *Imamfu* dusanzwe tuzi ko ari igikoko kigeramiwe kw'isi yose, mugambo gisanzwe ari karuhariwe mugukwega Ingezi.

Mu Bumanuko bw'igihugu naho, turafise ishamba rya Kigwena hampande y'ikiyaga Tanganyika, na ya mashamba y'ingongo yo ku mitumba ihanamiye ikiyaya, kuva mu Rumonge gushika Inyanza-Lake, akabandanya mu Kumoso gushika i Gisagara mu ntara ya Cankuzo aho bayita amashamba y'imituntu n'imitwana. Ntitwokwiyyibagiza kandi rya shamba ry'I Gihanga rigizwe n'urukoko atahandi ruri kw'isi atari mukigaya ca Rusizi, aho ibiterwa bishika 1000 bimaze gutohozwa n'abahinga.

Mu Buserekko bw'Uburundi, turafise kandi Amashamba ry'ibiti bito bito dusanga mu karere gakingiwe ka Ruvubu. Ako Karere gakingiwe karenza amahegitari 50000 akaba ari co cibare gikuru c'igihungu kirimwo ibikoko vyinshi cane nk'imbogo zirenga 2400, impongo n'indonyi nyinshi.

Mu Buraruko, mu ntara ya Kirundo, hariho udushamba tw'utugunda atahandi turi mu Burundi atari i Murehe gusa.

Turetse ayo mashamba cimeza, Uburundi burafise kandi ibikumba vy'imikaratusi, vy'amarapinus, n'amakaritrisi kurugero rw'amahegitari 120000, biteragiwe ku mitumba ihanamyewe.

**Barundi Barundikazi,  
Ncuti z'Uburundi**

Ayo mashamba yose y'igihugu afise akamaro ntangere mu vy'ubutunzi, imibano n'akaranga. Amashamba yo ku misozi ihanamiye arafasha mu kugwiza no mu kuminina amazi no mu kugwanya inkukura. Ivyo bigatuma turonka amazi yo kuvomera isi ndimwa nko mu kiyaya c'Imbo eka no mu mirambi ishashe. Ayo mashamba arakinga handi imyuzurira n'itosekara ry'amazi yo mu nzuzi no mu kiyaga Tanganyika.

Turazi kandi ko umuyagankuba n'ibikorwa vy'iterambere biwukomokako biva ku ngomero z'amazi atangwa n'amashamba. Aha twovuga urugomero rwa Rwegura ku ruzi Gitenge rutanga umuyagankuba ku bice 50 kwi 100 ku wo Uburundi bwose bukoresha. Akabongera kava kw'ishamba n'impura igwiriye mu Kibira bituma hari imirima myinshi y'icayi n'amahinguriro atari make akorera mumicungararo yaco.

Mu Bumanuko bw'igihugu, amashamba ahanamiye ikiyaya c'Imbo arakingira ikiyaga Tanganyika kugira ntigitosekazwe n'inkukura n'imyuzurira. Ivyo bigatuma n'Uburomvyi buguma bwifashe neza, mugihe abarovyi batari bake bamaze kubika ingashiro mu maja ruguru y'ikiyaga aho amashamba yo gukinga inkukura yamaze guhona.

Hampande y'ako kamaro, amashamba asanzwe atanga vyinshi vya nkenerwa ku banyagihugu. Twotanga akarorero ku miti y'ikirundi, ku biti n'ivyatsi bikoreshwa mu vyo akaranga, nki ngagi, imigano, amatete n'urukoko bikorwamwo ibitari bike, ubwoba n'ivyamwa biribwa, eka mbere n'ibindi. Ivyo vyose bigatuma abanyagihugu biyungunganya bikabateza imbere.

**Barundi Barundikazi,  
Ncuti z'Uburundi**

Naho bigaragara ko amashamba adufitiye akamaro, binyabuzima birageramiwe mu Burundi bwose. Iyicirwa ry'ibiti ryatumwe amashamba menshi ahona kurugero 9 kwi 100 mu mwaka. Bigatuma rero ibiti biterwa birutwa n'ibicibwa. Ibituma haba iyicigwa ry'ibiti navyo ni nk'ibi :

- Ubukene bw'inkwi n'ibiti vyo kubwaka ;
- Ukwagurira indimo mu mashamba, barondera ahakimera ;
- Imiriro ya nyakanga.

Imiriro yatumye mbere uturere tutari duke tuba ubugaragwa bw'amabuye. Nitworeka kandi gutunga urutoke kw'itanga ry'amashamba ngo bayakoreremwo iyindi mirimo canke kuyubakamwo bidaciye mu mategeko, bikaba bituma amashamba atituka kurugero rumini cane.

Iryo tituka rero ry'amashamba ryatumye ubwoko bwinshi bw'ibikoko n'ibitibihona, ibindi bikaba bisigaye kurugero ruto cane. Si ivyo ibeshere, mu Buraruko, udushamba tw'utugunda n'imyonga y'urufunzo biriko birahona kubera uburimyi mugihetuzi ko ayo mashamba n'imyonga bifasha cane mukugumya akanovera k'isi muri ako karere gasanzwe kabangamirwa cane n'uruzuba.

Mu Bumanuko, ibangamirwa ry'ishamba rikingiwe rya Mukungu Rukambasi rizotuma haba inkukura ku musozi, itosekara ry'amazi n'ihona ry'amafi, y'ikiyaga Tanganyika. Mu Burengero, amashamba akingiwe yo mu kiyyaya ca Rusizi arabangamiwe cane n'uburimyi hamwe n'iyyaguka ry'igisagara ca Bujumbura. Mu Buseruko naho, ugutema imirara, imiriro ya nyakanga n'ugukamya imyonga ya Malagarazi na Rumpungwe biguma bititura amashamba.

Izo ngorane zose zerekeye ihonywa ry'amashamba zirafise inkomoko nyamukuru, arizo zizi :

- Itwaro itabereye muvyerekeye ibidukikije;
- Irwirirana ry'abantu;
- Ubukene bw'abanyagihugu n'ubwo igihugu nyene.

Biragaragara cane ko itituka ry'amashamba ritegwa n'intwaro itabereye mugutunganya amashamba. Ivyo bikiyerekiranira mukudawirikiza amategeko araba ibidukikije, bigatuma haba uruhagarara muvyerekeye amatongo. Twovuga kandi uburyo bwo gukingira amashamba cimeza bubuza abanyagihugu gushikira ivyankenerwa biri ahakingiwe.

Igwirirana ry'abantu riratuma naryo nyene amashamba ahona. Irwirirana ry'abantu rigafatira ku migenzo y'abarundi ngo abana n'Itunga. Twese ubu turazi ko amatongo yaze gushika aho urugo rumwe rurimwo abana 6 n'abavyeyi babo, baba bafise igice c'ihegitar canke kidashika, kugira babeho. Ibiharuro bitwerekira kandi ko abarundi bazoba ari imiriyoni 14 mu myaka itarenga cumi; ivyo bikazotuma amatongo yaga cane, ubukene bukiyongera, amashamba nayo akazohahonera.

### **Barundi Barundikazi, Ncuti z'Uburundi**

Ico kibazo c'itituka ry'amashaba camye kiraza ishinga Uburundi. Ni naco gituma igihugu cacu cateye igikumu ku Masezerano Mpuza Amakungu araba Ibinyabuzima mu mwaka 1997. Ivyo bigatuma rero Uburundi buronka intumbero yo gukingira, gukoresha neza ibinyabuzima n'ukugabangana inyungu zibivamwo ata wandya wangura. Mugushira mungira ivyo vyose, Uburundi bwaratunganije Umugambi Ngenderwa werekeye Ibinyabuzima.

Haheze indwi z'itatatu gusa Uburundi bwemeje itegeko rishasha riraba uturere dukingiwe rigashimikira kuri ibi bikurikira:

- Gushinga intwaro isangiwe na Leta n'abanyagihugu mu gutunganya uturere dukingiwe;
- Guha uburenganzira abanyagihugu mu gushikira ivya nkenerwa biri ahakingiwe;
- Gushinga ibikorwa vy'iterambere mu banyagihugu begereye ahakingiwe.

Leta y'Uburundi ihejeje kandi kwemeza itegeko rishinga imbibe z'amashamba akingiwe ya Mpotsa, Monge, Akarere gakingiwe ka Bugesera, Gisagara, Makamba, Karera na Nyakazu, tutibagiye na rya shamba rinini rya Ruvubu.

Muri iki gihe, Uburundi buriko burategura icegeranyo cerekeye uturusho kugira amashamba ashobore gukingirwa neza. Bubifashijwemwo n'ishirahamwe Mpuzamakungu riraba Iterambere (PNUD) hamwe n'Ikigega Mpuzamakungu kiraba ibidukikije (FEM), Uburundi bugiye vuba gutanguza umugambi wo gukingira ikibira n'ishamba rikingiwe rya Ruvubu.

Uburundi kandi bugiye kubandanya umugambi wo guteragira ibiti ku mitumba no mu ndimo. Tukaba twihaye intumbero yo kutoreza imivyaro ingana n'umuriyoni yo gutera ku mitumba ihanamye.

### **Barundi Barundikazi, Ncuti z'Uburundi**

Naho Uburundi bumaze kurangura ibitari bike, intabwe iracari ndende mugukingira Amashamba. Ni naco gituma twiteguye kunagura wa Mugambi Nyamukuru werekeye Ibinyabuzima. Tukazoshimikira k'ugushinga imigambi y'ibikorwa vyo gukingira Ivyatsi n'ibiti cimeza n'ibirimwa, imisozi ihanamye no m'ugushiraho amategeko araba ibinyabuzima biri muguhona, ibinyabuzima bicuruzwa mu mahanga bivuye mu gihugu cacu, eka n'ibinyabuzima biva hanze. Tuzokomeza ubushakashatsi kugira twame dukwirikirana igihe cose ingene ibinyabuzima vyifashe.

Igihugu cacu kiriyemeje kandi gushinga Icegeranyo c'Igihugu kiraba amashamba ateragiwe n'ukwigisha hose ingene abanyagihugu batunganya bonyene ivyerekeye ayo mashamba.

Kugira ivyo vyose tubishire mu ngiro, birakenewe ko Abarundi bose babihagurukira. Turateye akamo Abanyagihugu bose, Abajejwe Intwaro, Ibisata nya Leta, Abikorera utwabo, Amashirahamwe yigenga, abanyamitahe, Abafasha Uburundi, ko bofasha Leta y'uburundi mu gukingira Amashamba.

Murabona ko twegerereje igithe c'ici. Mukaba muzi ko ari igihe kigoye kubera irwirirana ry'imiro ya nyakanga. Mboneyeho rero gutera akamo abarundi bose, Abatwara abandi, Amashirahamwe yose ko twohagurukira rimwe tukarwanya bimwe biboneka imiro ya nyakanga. Twifuza ko uyu mwaka ata muriro wovugwa mu Burundi bwose.

Ndaginje rero iri jambo nshimira abantu bose, amashirahamwe yose yama yitanga mugufata mu mugongo Uburundi mu bikorwa vyerekeye gukingira ibidukikije, cane cane ibinyabuzima biri mu mashamba.

Murakoze